

Règleman Sou Pwoteksyon Ti Fi, Ti Gason, Adolesan, Ak Moun Ki Gen Andikap Yo





Tab Matyè

Objektif	3
Move kondwit seksyèl la	3
7 eleman prensipal règleman nou yo se:	4
Deklarasyon Angajman MEDFDI A	4
RESPONSABLITE TEYOLOJIK AK MORAL	5
ZEWO TOLERANS FAS AK MOVE KONDWIT SEKSYÈL AVÈK TI MOUN YO	5
ETABLI AK ASIRE YON ANVIWÒNMAN KI SAN MANK	6
Disiplin ki Apwopriye	7
Prevansyon sou abi kont pwochen yo	7
Prevansyon Otablesi yo	7
Règleman pou asirans sante a	8
Emèjans yo	8
Pwoteksyon Ti moun nan nan zòn Konfli/ Dezas Natirèl yo	9
Aktivite andeyò Klas yo	10
Sekrè ak komunikasyon osijè de TTA ak anpil moun ki andikape	11
Konsantman Ti moun nan ak paran yo	11
Edikasyon kominote a pou fini avèk abi kont TTA ak moun ki gen andikap yo	11
REKRITMAN FONKSYONÈ YO	12
KÒD KONDWIT LA	13
Fòm kontak fizik ki akseptab yo	14
Asistans pou TTA ak moun ki gen andikap nan twalèt la	15
Definisyon, siyal ak Mit ki gen pou wè avèk abi	16
PWOSEDI POU DENONSYASYON KÈK KA OUBYEN SIPOZISYON KÈK KA SOU ABI	18
Fonksyonè yo pral anchaje yo de tout akizasyon sou abi kont ti moun dapre pwosesis sa	19
Fonksyonè yo pral enkyete yo pou akizasyon abi ki pa legal yo konfòm ak pwosesis sa yo.	20
Fòmil pou dialoge ak ti TTA ki rapòte abi a	21
DEKLARASYON PÈSONÈL SOU ANGAJMAN AN	23
DETAY SOU TI GASON/ TI GASON/ADOLESAN YO	24
FÒMILÈ--ENFÒMASYON SOU LASANTE	25
RAPÒ SOU ENSIDAN KI KRITIK YO	26
FÒMILÈ REJIS VOLONTÈ, LIDÈ AK ANTRENÈ MINISTÈ YO	28
RESOUS YO	32

Règleman sou pwoteksyon timoun yo, ki adapte ak vèsyon orijinal li, ki twouve li nan Man devloman MNC Entènasyonal entegral pou ti moun yo.





Règleman Pou Pwoteksyon Ti Fi, Ti Gason, Adolesan, Ak Moun Ki Gen Andikap

Objektif

Objektif règleman sa a se asire sekirite ak byennèt tout timoun TTA (ti fi, ti gason ak adolesan), ansanm ak moun ki gen andikap, sou swen nou yo epi pwoteje yo kont nenpòt fòm domaj, ni entansyonèl ak envolonètè. Li pral pwoteje fonksyonèl nou yo kont akizasyon ki ka rive soti nan konpòtman neglijan oswa ensousyan. Gid sa yo ak pwosedi yo pral gouvène entèraksyon pèsonèl Ministè Entènasyonal Lekòl Dominikal ak Ansèyman Disip yo (MEDFDI) anplwaye yo, fonksyonèl yo, asosye ak lòt vizitè ki gen timoun ki ale nan pwogram / ministè ki te sipòte pa MEDFDI. Pou pi gwo efikasite, yo pral itilize tèms "fonksyonèl" pou fè referans a tout travayè ministè yo.

Lè yon abi fèt kont ti moun yo se yon abi kont dwa ke li genyen jan ke Konvansyon Nasyon ki ini yo sou Dwa Ti moun yo defini sa. Ti moun yo genyen dwa pou yo viv yon bèl anfans ki an sante epi asire. Tout ti moun yo, san gade sou laj, kilti, andikap, sèks, lang, orijin rasyal, kwayans relijye/ ak oubyen idantite seksyèl yo gen dwa pou yo resevwa pwoteksyon kont tout abi.

Move kondwit seksyèl la

Pandan ke tout abi danjere, enpak konpòtman seksyèl ki pa apwopriye ki enplike minè yo patikilyèman se yon bagay ki devastatè, pwisan ak dirab. Ou ka panse ke "abi seksyèl pa janm ka rive nan legliz nou". Lè sa rive nan ka abi seksyèl, sa nou pa konnen ka fè nou mal. Pi mal, Estereyotip nou yo ak move konsepsyon ka trajik ak danjere. Pwoblèm lan kwaze tout liy yo: ekonomik, kiltirèl, rasyal, konfesyonèl ak sèks. Dapre ajans sèvis pwoteksyon timoun yo:

- 1 sou chak 3 ti fi ak 1 sou chak 5 ti gason pral sibi abi seksyèl nan oubyen avan yo rive gen laj 18 lane.
- Plis pase 80 pou san nan abi seksyèl ti moun yo rive fèt pa mwayen yon moun ki pwòch yo epi ki konfyab.
- Apeprè 20 pousan nan ka rapò abi seksyèl yo enplike yon moun ki komèt yon krim.

Si vrèman ke pa genyen yon "pèfil pou moun k'ap fè abi seksyèl" estanda, jeneralman, moun k'ap fè abi yo souvan sanble ak moun ki "emab" ke pi fò moun pa ta janm sispèk sou yon koze kondwit seksyèl ki pa apwopriye. Genyen yon ankèt ki fenk sòti ki montre ke kadejakè yo se moun ki byen edike epi ki byen aktif nan legliz la.

Pwoblèm nan se yon bagay ki reyèl, epi li klè ke nou dwe fè yon bagay pou sa. Pou kisa?

Tèm "abi seksyèl la", "move kondwit seksyèl", "konpòtman seksyèl ki pa apwopriye" ak "kondwit seksyèl ki pa apwopriye" anpil fwa, yo itilize san distenksyon. Reyèlman, tèms yo pa fè distenksyon ant aktivite seksyèl ki entèdi ant gran moun avèk aktivite ki entèdi ant gran moun ak ti moun yo.

Deja ke misyon nou la se ofri pi gwo eksplikasyon sou tèms nan pou pwoteje ti moun yo kont abi seksyèl, fraz "move kondwit seksyèl" li itilize la kòm yon tèms jeneral pou tout kondwit seksyèl ki pa apwopriye ki enplike ti moun yo, ki defini nan fason sa:

Akoz de move kondwit seksyèl la, nenpòt aktivite seksyèl pral rive fèt ant yon gran moun ak yon ti moun ki pa gen laj oubyen ant plizyè ti moun ki gen gwo diferans nan devlopman oubyen kwonoloji yo. Move kondwit seksyèl la kapab fizik, vèbal oubyen vizyèl epi li pa oblije gen penetrasyon ladan l, anpil relasyon seksyèl oubyen kontak fizik reyèl. Se pandan, move kondwit seksyèl la pa genyen ladan li okenn aksyon ki gen pou wè avèk yon objektif medsen ki valab oubyen entèraksyon moun sa yo k'ap pran swen ti moun yo konfòm ak laj yo san yon objektif seksyèl oubyen konpozan seksyèl.

Konsilte lwa lokal yo pou w kapab rive genyen yon lis konplèt osijè de anpil aksyon ki entèdi epi ki asire pou mete definisyon sa yo nan dokiman legliz ou a.



7 eleman prensipal règleman nou yo se:

1. Responsablite Teyolojik ak Moral
2. Etabli ak asire yon Anviwònman ki asire
3. Rekritman fonksyonè yo
4. Edikasyon ak antrènman
5. Kòd Kondwit la
6. Denonse tout ka yo oubyen sipozisyon dosye abi yo
7. Enfòmasyon ak evalyasyon

Deklarasyon Angajman MEDFDI A

Objektif règleman sa a se asire sekirite ak byennèt tout timoun TTA (ti fi, ti gason ak adolesan) ansanm ak moun ki gen andikap. Jeneralman, li rekonèt responsablite pou l pran tout mezi ki nesèsè pou l fè konnen Pratik ki bon an pou pwoteksyon ti moun yo fas ak nenpòt mechanste, abi ak eksplotasyon, menm abi ki kapab koze pa anpil lòt ti moun.

Tout ouvriye k'ap travay ak TTA dwe resevwa yon kopi osijè de règleman sa epi santre li sou pwosedi ki etabli yo. Si ouvriye a pa rive fè li, sa ap retire kalifikasyon li de nenpòt kalite travay li avèk TTA, ak moun ki gen andikap yo.

MEDFDI pran angajman li pou l:

- 1) Garanti sekirite ak pwoteksyon tout TTA (ti fi, ti gason ak adolesan yo), ak moun ki andikape yo, atravè aplikasyon règleman Pwoteksyon pou Ti moun MEDFDI yo.
- 2) Asire ke tout ouvriye ak volontè yo byen konprann obligasyon legal ak moral yo pou pwoteje tout TTA kont tout mechanste, abi ak eksplwatasyon.
- 3) Asire ke tout TTA, byen konprann kisa abi kont pwochen yo ye ak konsekans “fawouch” la pote menm jan ak anpil lòt fòm abi kont anpil lòt timoun;
- 4) Kondwi yon pwosesis entansyonèl enfiltrasyon nan pwosesis rekritman tout fonksyonè yo, menm jan ke règleman Pwoteksyon ti moun yo etabli l la;
- 5) Swiv tout estanda ak pwosedi byen detaye nan Kòd Kondwit la.
- 6) Asire ke tout travayè yo konprann obligasyon ke yo genyen pou enfòmasyon osijè de prewokipasyon yo pou sa ki gen pou wè avèk swen oubyen pwoteksyon nenpòt TTA.
- 7) Asire ke tout sipèvizè yo konprann responsablite yo pou fè referans ak nenpòt prewokipasyon yo vè otorite ki apwopriye yo epi/ oubyen ajans pwoteksyon ti moun nan (egz: lapolis, otorite nasyonal pwoteksyon ti moun nan ak/oubyen departman libète kondisyonèl ak swen ti moun yo).
- 8) Krete anpil opòtinite pou ke fonksyonè yo kapab devlope kapasite ak konesans yo an relasyon ak swen ak pwoteksyon TTA yo.
- 9) Toujou byen branche ak tout sa k'ap pase pa jou nan sa ki gen pou wè ak pwoteksyon TTA, ak moun ki gen andikap yo.
- 10) Elaji yon kilti ki gen pou wè avèk prevansyon konsyan atravè fòmasyon ak edikasyon ti moun yo, paran ak travayè yo.
- 11) Koute epi kwè nan TTA.



RESPONSABILITE TEYOLOJIK AK MORAL

Nou rekonèt enpòtans TTA (ti fi, ti gason ak adolesan yo) ak tout moun ki genyen andikap yo, kòm moun ki posede vale ak diyite, ki kreye ak imaj Bondye epi ke Bondye renmen anpil. Lè n'ap swiv model Kris la nan levanjil yo, nou genyen responsablite moral pou nou renmen ak pwoteje ti moun yo ak tout fòs nou. Li te anseye nou “piga nou meprize menm yon sèl nan ti piti sa yo” (Matye 18:10).

Nou menm kòm kò Kris la, nou genyen tout responsablite moral pou ke nou mete lanmou Kris la an pratik anvè ti moun ke n'ap pran swen yo. Legliz la reprezante Jezi ki se Kris la epi dwe demontre ak aplike lanmou li, swen ak sentete nan favè yo tout. Si nou renmen TTA, epi nou travay pou yo, ebyen nou va resevwa Kris la. “Kèlkeswa moun ki resevwa yon ti moun tankou ti moun sa a, se mwen menm ke li resevwa” (Matye 18 :5).

Nou dwe swiv pa Jezi yo, egzanp lanmou li nan favè timoun yo, konsèy ak enstriksyon li yo pou renmen ti moun yo epi konpòte nou nan yon fason ki kòrèk.

ZEWÒ TOLERANS FAS AK MOVE KONDWIT SEKSYÈL AVÈK TI MOUN YO

Legliz Nazareyen adopte yon politik zewò tolerans pou kondwit seksyèl ak tout konpòtman ki pa klè anvè minè yo. Tout travayè, lidè ak pèsònèl pastoral yo dwe pase pi wo pase tout repwòch nan kondwit yo epi aji byen nan enterè tout lòt moun. Sa mande pou non sèlman pou yo evite patisipe nan nenpòt konpòtman ki gen abi oubyen sipozisyon ki gen ti moun ladan yo; men tou sa mande pou ke yo bay enfòmasyon yo byen vit ak otorite ki gen pou wè yo, yo menm ki te temwen lè w afiche yon tèl konpòtman. _Komite Sipèntandan Jeneral yo.

Nou fè sa atravè aksyon sa yo:

- Yo mande pou ke tout ouvriye ministè yo, manm ki nan komite yo, volontè yo, machann yo, fonksyonè legliz ak tout lòt moun ki fè pati ekip pou travay ak TTA yo pran angajman sa ak Règleman Pwoteksyon pou Ti moun nan.
- Rekonèt ke tout NNT gen dwa pou yo lib de tout abi.
- Asire ke tout fonksyonè ak volontè yo kapab seleksyone avèk pridans epi pou yo aksepte responsablite pou ke yo ede nan evite abi kont ti moun ki sou responsablite yo a.
- Bay yon repons rapid epi ki apwopriye fas ak nenpòt aksyon sispèk oubyen akizasyon konsènan abi, ki soti nan paran/ moun k'ap gadò ti moun, gid avèk TTA, opòtinite pou eksprime nenpòt prewokipasyon ke yo genyen.
- Tanpri souple, eksprime nenpòt prewokipasyon konsènan abi lidè ministè w la oubyen pastè a.
- Garanti ke aksè ak enfòmasyon an se yon bagay ki kache pou moun ki responsab TTA.
- Garanti ke paran yo/ moun k'ap pran swen ti moun yo/gid yo konprann règleman Pwoteksyon Ti moun an ak Dwa Ti moun nan.



ETABLI AK ASIRE YON ANVIWÒNMAN KI SAN MANK

Sekirite Anviwònmantal Jeneral

- Paran yo/ moun k'ap pran swen ti moun yo/ gid yo/ fonksyonè yo pral resevwa yon enfòmasyon ki byen detaye osijè de nenpòt aktivite MEDFDI k'ap genyen ladan li orè ouvèti a avèk konklizyon an. Fonksyonè yo pral kopere avèk paran/ moun k'ap gadò ti moun yo/ gid yo pou asire ke TTA (ti fi, ti gason ak adolesan yo), ak moun ki andikape yo kapab sibi rechèch oubyen akonpayman pou rive lakay yo san pwoblèm.
- Toutotan ti moun yo anba vijilans MEDFDI, li pap pèmèt ke TTA yo jwe nan lari oubyen nan nenpòt lòt espas ki reprezante yon risk pou yo oubyen fonksyonè yo, epi yo pral sibi sipèvizyon nan nenpòt lòt espas piblik.
- Ansèyman an pral reyalize ouvètman epi paran yo/ moun k'ap pran swen ti moun yo/ gid yo, menm jan ak lòt edikatè yo pral gen aksè ki lib. Se pandan, pap gen pèmisyon pou vizitè yo san sipèvizyon yon fonksyonè ki byen kalifye.
- Tout fonksyonè yo pral swiv “Règleman De Gran moun yo” lè y'ap travay avèk ti moun yo. Dwe toujou genyen de gran moun ki pou sipèvize TTA, ak moun ki gen andikap yo. Si sa posib, yon gran moun pral responsab pa plis pase 8 ti moun an menm tan (li posib pou ke kèk peyi genyen pwòp estanda yo an relasyon ak kantite ti moun pou chak gran moun). Nan okenn moman, n'ap jwenn yon ti moun san li pa akonpanye yon ti moun.
- Seyans konsèy ak lapriyè avèk epi pa TTA nan pral reyalize avèk prezans kèk lòt moun.
- Si gen plizyè gwoup ti fi ak ti gason ki melanje pou soti kite enstalasyon yo lajounen pou al pase nwit, yo dwe akonpanye pa yon figi maskilen ak you feminen. Si sa pa posib, vwayaj la dwe planifye pou yon lòt dat kote ke tout fonksyonè sa yo ap kapab prezans. Fòk gen anpil prekosyon ki pran pou ke sa pa janm rive ke yon gran moun twouve l poukont li avèk yon ti moun, se jis pou evite posiblite abi ant moun ki genyen menm sèks yo.
- Tanto ti moun yo kòm fonksyonè yo gen pou devwa pou yo aplike yon kòd kondwit ki etabli pa mwayen lidèchip MEDFDI a, li menm k'ap apwopriye ak modès selon kilti a.
- Fonksyonè yo pral etabli yon anviwònman ki sen, pou pwoteje ak sèvi ti moun ki gen pwoblèm andikap yo, ti moun ki frajil yo oubyen avèk nenpòt lòt nesosite espesyal.

Kòmantè ak Diskisyon avèk TTA

Travayè yo gen pou devwa evite tout kòmantè oubyen diskisyon ki dirije anvè, osijè oubyen avèk TTA (ti fi, ti gason ak adolesan yo), yo menm k'ap kapab entèprete tankou oubyen genyen konotasyon seksyèl. Diskisyon edikativ yo osijè de sèks yo pral mande prezans plis pase yon gran moun epi reponn anpil kesyon ke TTA yo pral poze. Li posib pou ke genyen kèk gid espesifik pou asiste nouvo fonksyonè yo.

De tan zan tan, li posib pou ke fonksyonè yo fè fas ak yon ti moun ki atriste oubyen etabli yon seri de konvèsasyon avèk TTA yo pou fè referans ak tèm ki delika yo.

Fonksyonè yo pral itilize pi bon kritè pwofesyonèl la pou asire yo ofri kalite konsèy la sèlman pou sa ki plis kalifye yo. Si fonksyonè a pa santi li kalifye pou ede ti moun nan, l'ap gen pou l remèt ti moun ak kèk kòlèg oubyen ajans ki ekipe pou yo.

Kominikasyon avèk TTA, andeyò tout aktivite ministè an menm si se an pèsòn oubyen atravè apèl, kèk mesaj tèks oubyen nenpòt kalite mwayen sosyal ap gen pou devwa limite li sèlman pou sa ki apwopriye pou rive atenn objektif yo nan legliz la menm jan ak sekirite ak byennèt ti moun nan. Lizay anpil kòmantè ki ofanse, blesan, meprizan oubyen ensansib anvè lòt ti moun yo kapab konsidere kòm yon fòm de abi epi ki dwe evite.



Materyèl Edikatif yo

Lizay liv yo, videyo ak fim ki genyen yon nati ki byen detaye oubyen sansib, espesyalman an relasyon ak vokabilè epi konpòtman seksyèl la pral konsidere avèk pridans pou asire ke yo kapab apwopriye ak laj ak kilti, anplis de ke yo antre nan relasyon ki klè avèk objektif pwogram edikatè a.

Disiplin ki Apwopriye²

Fonksyonè yo dwe sonje tèm sa: “Objektif disiplin nan se anseye TTA, diferans ant sa ki byen ak sa ki mal, se pa fè yo viv avèk lapèrez”. Nenpòt kalite fòm pinisyon fizik entèdi epi pral sibi yon pwosesis legal.

Lwa lokal ki pètinan yo pral obsève domaj ti moun nan epi sa yo pral soti nan konesans de tout fonksyonè yo.

Koreksyon vs Pinisyon

Korije TTA yo, pandan ke n’ap ofri yo plizyè opsyon ki pou pèmèt yo rekonèt pwoblèm li yo. Yo mande koreksyon e non pinisyon. Pinisyon an se yon aksyon ki sevè ki voye yon mesaj de ke ti moun nan dwe “peye yon pri” pou mank de kondwit li, epi sa pa edifye karaktè li oubyen estimdeswa li. Koreksyon an, yon lòt kote, li anseye TTA yo pran responsablite pwòp aksyon yo pou fè fas ak konsekans reyèl de move chwa yo epi rezoud pwoblèm yo. Objektif nou se edifye karaktè a epi estimdeswa ti moun nan; lizay aksyon pinisyon yo pa rive atenn objektif sa.

Prevansyon sou abi kont pwochen yo

Abi kont pwochen yo rive fèt lè ke yon TTA (ti fi, ti gason oubyen adolesan), abize li de lòt la. Bagay sa pa dwe tolere ni jwenn eskiz, epi sa dwe sibi kèk konsekans de disiplin. Li dwe aji byen vit pou asire li ke anviwònman an pwoteje ti moun yo kont abi lòt pwochen yo, e menm nan pwen sa yo:

- Fè ti moun ak fonksyonè yo konnen kisa abi kont pwochen yo genyen ladan li.
- Krete yon kilti ki founi sekirite nan favè ti moun yo nan denonse epi ki pa tolere fawouch.
- Piga TTA yo janm rete san sipèvizyon.
- Veye pou w wè si genyen nenpòt kalite fawouch.

Prevansyon Otoblesi yo³

Otoblesi a vle di ke TTA (ti fi, ti gason oubyen adolesan an) oubyen moun ki gen andikap la blese pwòp tèt li pa ekspè. Byen souvan nou kapab wè yo pa gen konfyans nan tèt yo epi toujou an kòlè. Yon ti moun kapab blese tèt li, frape, oubyen boule tèt li vèbalman ak mantalman, nan antre nan anpil aktivite seksyèl ki destriktiv yo, abize nan dwòg oubyen alkòl, oubyen tante touye tèt li. Nan nenpòt moman ke yon fonksyonè obsève kèk siyal de otoblesi, sa dwe rive nan zòrèy dirijan li epi yo dwe adopte mezi ki nesèsè yo pou pwoteje ti moun nan epi ede li sikolojik ak sosyalman. Nan kèk ka, paran yo/gid yo dwe resevwa yon nòt osijè de nenpòt siyal otoblesi epi pral gen pou devwa konsilte yo pandan pwosesis pwoteksyon TTA ak moun ki andikape yo.



Règleman pou asirans sante a

Konsève tout bagay pwòp ⁴

Genyen anpil nan maladi ke ti moun yo soufri ki kapab sispann lè ke dlo y'ap bwè a se dlo ki pwòp, lapwòpte ak zòn ki pwòch yo, nan lave men aprè yo fin sot nan twalèt epi avan nou antre nan kontak ak yon ti moun, manje, oubyen batri kwizin epi konsève tout vèsèl sal a manje a pwòp. Sa yo se pwèn ke tout moun kapab aplike pou fè ke espas kote ti moun nan ap devlope a vin yon lye ki bon.

Règleman pou Ti moun ki Malad yo

Si yon TTA malad epi ki kapab lakòz ke lòt ti moun ak fonksyonè yo tonbe malad tou, yo dwe mande li rete lakay li pou l kapab evite kontajyon. Si sa pa posib oubyen si l pa pi bon pou ti moun nan, lidèchip MEDFDI a pral gen pou devwa fè anpil aranjman espesyal pou pran swen ti moun nan. Yo dwe aplike yon règ de kritè sou lasante a.

Medikaman yo

Fonksyonè yo pa dwe founi oubyen aplike okenn kalite medikaman. Si kèk TTA, oubyen moun avèk andikap bezwen medikaman, paran yo/moun k'ap pran swen ti moun yo/gid yo ap gen pou devwa pou yo chèche l bay. Nou pa dwe kite okenn medikaman nan kay la nan men okenn volontè ni nan men okenn ti moun.

Nan ka ki depase yo (alèji, opresyon, elatriye.), dwe genyen aranjman ki fèt nan administrasyon medikaman an atravè anpil enstriksyon ekri epi avèk pèmisyon paran yo. Medikaman yo dwe soti dirèkteman nan bwat orijinal yo, ki dwe genyen tout enstriksyon administrasyon yo menm jan avèk non TTA ki endike byen klè. Lè paran yo/ moun k'ap gadò ti moun yo/ gid yo vini chèche ti moun nan, fonksyonè yo gen pou devwa bay nòt pou montre ke medikaman yo te administre.

Emèjans yo

- Fonksyonè MEDFDI yo ap gen pou devwa repase pwosedi yo devan sitiyasyon emèjans yo tankou (ensandi, tranblann tè yo, elatriye.) selon jan sa parèt (egz :plizyè seminè kapasitasyon fas ak anpil dezaz, revizyon règleman chak ane yo). Pwosedi sa yo tankou chemen pou echap ki planifye yo dwe pibliye nan yon espas ki vizib andedan chak sal.
- Nou dwe bat pou nou genyen yon depatman ki dispoze pou bay premye swen nan chak sit nan ministè a pou atansyon pou blesi, san nan nen, vomisman, etc.
Tout fonksyonè yo dwe gen kapasite pou itilizasyon kontni depatman an. Materyèl ki sigjere yo se 2-3 pè gan vinil detachab, tèmomèt (ki pa an mèki a), muchwa, savon, dezenfektan men yo (pou pi piti 60% alkòl), blanchè (klowòs), mas, papyè aliminyòm, de oubyen twa kare gaz ki mezire 10cm x 10cm, plizyè riban adezif ak bous plastik pou mete materyèl ki kontamine yo. Pou plis sigjesyon, vizite paj wèb sa : <http://www.redcross.org/prepare/location/home-family/get-kit/anatomy>
- Depatman ki gen pou wè avèk maladi kontajye ak premye swen yo dwe egzaminen byen souvan pou toujou konsève yo byen dezenfekte.
- Lè genyen yon blesi, aksidan oubyen emèjans medikal, paran yo/moun k'ap gadò ti moun yo nan TTA, oubyen moun ki gen andikap yo dwe kontakte byen rapid.
- Sipèvizè a dwe resevwa nouvèl sou nenpòt ensidan ki bay nesans ak blesi. Li dwe resevwa yon rapò ki konplè sou aksidan an devan sipèvizè a pi vit ke posib.



Pwoteksyon Ti moun nan nan zòn Konfli/ Dezas Natirèl yo

Pandan konfli ak dezas natirèl yo, sekirite TTA (ti fi yo, ti gason yo ak adolesan yo) ak moun ki gen andikap yo, se pi gwo priyorite a.

Ti moun ki òfelen yo oubyen ki separe ak fanmi ak moun k'ap pran swen yo legalman twouve yo nan plis risk pou yo sibi abi, vyolans, neglijan ak eksplwatasyon. San pwoteksyon paran li yo/ moun k'ap pran swen li yo/ gid yo, ti moun yo vin pi frajil fas ak adopsyon ilegal, maryaj ti moun ak trafik moun. Pandan konfli ak dezas natirèl yo, kondisyon yo kapab bay difikilte nan detèmine idantite TTA, ak gadò legal yo, menm sètifika de nesans yo kòm plizyè lòt kalite idantifikasyon kapab detwi oubyen pèdi. Priyorite a se konsève TTA ak moun ki andikape yo pi plis ke posib, ansanm avèk fanmi yo pou limite abi oubyen eksplwatasyon pandan peryòd sa yo.

Nou ankouraje tout Legliz yo chèche resous nan pwoteksyon oubyen defans sivil peyi yo, pou konnen kijan pou yo reponn fas ak dezas oubyen ka enprevi.

MEDFDI pral founi sekirite pou ti moun yo nan fason sa :

Kreye yon plan pou moun kapab sòti nan legliz la/ espas ministè a, yon fason pou ke si genyen yon emèjans ki rive pandan ke TTA ak moun ki andikape yo ap swiv travay MELDAD, fonksyonè yo pral konnen sa pou yo fè ak kote pou mennen yo. Enfòmasyon sa pral gen devwa pou ke li pataje avèk paran yo/ gadò yo/ gid yo pou asire ke yo toujou pare ak kote ke ti moun yo ye ak mwayen sekirite ki itilize pou pwoteje yo.

Konsève tout rejis yo byen detaye ki pale sou TTA ak moun ki gen andikap yo, ak paran yo/ moun k'ap pran swen yo/ gadò legal yo, e menm enfòmasyon pou kontak yo, pou ke ti moun ki separe yo kapab tounen al jwenn paran yo/ gid yo aprè emèjans lan. Sa se pou diminye fòs abi, adopsyon ilegal oubyen trafik ti moun yo.

Tout mezi opsyonèl ke fonksyonè MEDFDI yo pral kapab pran nan moman emèjans yo:

- Rekolekte tout enfòmasyon osijè de ki kote refij yo ye nan zòn ou an epi trase plizyè wout pou genyen kèk sòti ki asire depi nan Legliz la/ espas Ministè a pou rive nan refij yo. Kreye plizyè kat jewografik ki genyen wout ak refij epi distribye yo ant TTA (ti fi yo, ti gason ak adolesan yo), ak fanmi yo (espesyalman paran yo/ gadò yo/ gid yo pou ke yo kapab genyen yo lakay yo).
- Si pa genyen okenn zòn ki etabli pou fonksyone kòm refij nan moman konfli oubyen dezas natirèl yo, MEDFDI /Legliz Nazareyen yo kapab travay avèk kominote a pou etabli sit yo.
- Idantifye epi travay ansanm avèk ajans lokal yo pou ke TTA ak moun ki gen andikap yo, moun ki separe oubyen òfelen yo kapab plase sou pwoteksyon otorite pètinan yo.
- Travay ansanm ak ministè asosye yo ak lòt ajans gouvènmantral yo pou founi asistans emosyonèl ak fizyolojik, menm jan ak konsèy la fas ak difikilte pou fanmi ak ti moun yo.
- Devlope plizyè mekanis pou pèmèt ke ni TTA, menm jan avèk paran yo/ gadò yo/ gid yo fè vèy pou kèk manm nan fanmi an ki mouri.
- Travay ansanm avèk paran yo/ gadò yo/ gid yo ak kominote a pou idantifye sant asistans yo, distribisyon ak sante ki founi atansyon nan favè tout fanmi ki nan plis nesosite yo. (11)



Aktivite andeyò Klas yo

Fonksyonè yo pral gen pou ke yo bay yon atansyon ki espesyal nan sipèvizite TTA (ti fi yo, ti gason ak adolesan yo), ak moun ki gen andikap yo, nan yon espas rezidansyèl oubyen pandan anpil aktivite andeyò orè klas yo. Li enpòtan pou ke nou demontre ke estanda kondwit ak konpòtman pwofesyonèl ki rekòmande yo andedan sit ministè yo se menm bagay la ak deyò a. Nan sitiyaasyon sa yo, fonksyonè yo gen pou devwa bay yon swen patikilye ak ti moun ki gen plis matirite epi ki gen plis lespri yo, pou ke pa genyen okenn relasyon etwat ki pa apwopriye ki devlope.

Mannè Santiman damou ak “Pretansyon”

Malerezman, santiman damou ak “pretansyon” yo rive epi kapab genyen ladan li TTA (ti fi yo, ti gason ak adolesan yo), ak fonksyonè ki genyen tou de sèks yo. Sitiyaasyon sa yo dwe trete avèk anpil sansiblite. Reyaksyon ensansib ak san swen yo byen souvan pwovoke fo akizasyon yo. Se poutèt sa, se nan benefis tout pati yo pou evite bay plas ak santiman oubyen jwe osijè de sitiyaasyon an. Nan kalite sitiyaasyon sa yo, sipèvizè a pral resevwa enfòmasyon epi dwe jwenn tretman.

Fonksyonè yo responsab tou pou fè lòt kòlèg yo jwenn tout enfòmasyon yo osijè de posiblite de ke genyen koze santiman damou, e ke yo kapab pran desizyon ki apwopriye pou diminye tout domaj ak tristès TTA, menm jan pou diminye risk fonksyonè a. Si ke risk santiman damou an depase kapasite jèn oubyen nouvo fonksyonè yo, yo dwe pran konsyans osijè de frajilite patikilye yo fas ak santiman damou adolesan an epi konsa pran tout prekosyon ki nesèsè yo.

Prekosyon pou kan yo

Ti moun ki asiste kan ke legliz yo ap dirije yo dwe jwenn sipèvizyon ki apwopriye pa youn oubyen de fonksyonè gran moun epi se pa pi piti pase yon lidè pou chak 8 ti moun. Men kèk règ pou lidè yo:

- Lidè yo pral sipèvizite TTA (ti fi yo, ti gason ak adolesan yo), ak moun ki gen andikap yo, konfòm ak pwòp sèks yo epi dwe genyen de fonksyonè pou chak chanm a kouche.
- Pa gen okenn pèmision pou ke TTA pataje menm kabann avèk lòt konpany oubyen lòt lidè.
- Ti moun ki genyen sèks diferan yo pa gen dwa pataje menm abitasyon.
- Pa gen pèmision pou ke gen aksè antre nan vestyè yo, twalèt oubyen abitasyon sèks ki diferan ki pou yon lidè oubyen gid yo.
- Si ke yon fonksyonè obsève yon kondwit ki pa apwopriye oubyen sispèk nan yon lòt fonksyonè, li dwe fè sipèvizè a konnen sa, epi/oubyen afwontè fonksyonè ki fè erè a dapre Kòd Etik la.



Sekrè ak kominikasyon osijè de TTA ak anpil moun ki andikape

- MEDFDI ak moun ki asosye ak pwojè yo pral pwoteje epi veye sou sekirite tout dokiman ki gen rapò avèk TTA (ti fi yo, ti gason ak adolesan yo), kenbe sekre yo.
- Fonksyonè yo pral asire yo de ke tout kominikasyon ki gen pou wè avèk ti moun yo (fotografi, kominikasyon ekri oubyen vèbal) menm si se senp, diy epi respektye. MEDFDI pap prezante ti moun yo kòm viktim ni pral egzajere povrete ti moun nan.
- Tout kalite enfòmasyon sou nenpòt ensidan gen pou devwa kenbe an sekre tout sa ke yo konnen.

Sekre pou TTA ak moun ki gen andikap yo ⁵

Sekre a pwoteje diyite ak respè yon moun, TTA oubyen moun ki genyen andikap la, lè ke genyen asirans ke sa l pataje a ap rete san devwale. Ti moun yo dwe konnen ke yo kapab pataje nenpòt prewokipasyon avèk yon fonksyonè san lapèrèz pou yo resevwa pinisyon oubyen de ke sekre yo ta kapab rive soti nan lari pou lòt moun konnen. Yo pap gen pou ke yo janm enkyete yo de ke yon moun pral ri yo, kritike oubyen pini yo akòz de opinyon ak lide yo.

Limit sekre a

- Fonksyonè yo pa janm dwe pwomèt, ke y'ap toujou gade sekre enfòmasyon ke TTA, oubyen moun ki genyen andikap yo pataje avèk yo. Fonksyonè yo pa dwe janm asire TTA yo ke sekre yo a gen pou l rete kache pou tou tan si se pa yon bagay k'ap reprezante yon danje pou ti moun nan oubyen pou lòt moun. Nan ka de nenpòt risk sekirite pou TTA, oubyen kèk lòt moun, fòk nou fè ti moun nan konnen ke sekre li a dwe pataje ak lòt moun pou yon motif de pwoteksyon.
- Li enpòtan pou ke fonksyonè yo konnen ke yo dwe pataje enfòmasyon sa a sèlman si TTA, oubyen kèk lòt moun twouve yo nan yon sitiyasyon ki danjere, si ti moun yo oubyen kèk lòt moun ta blese, oubyen si li nesèsè pou mande kèk asistans an plis.
- Pliske sa mande pou genyen yon kominikasyon imedyat sou ensidan yo andedan estrikti lidèchip la, menm jan ak fè enfòmasyon an rive nan zòrèy ofisyèl ki responsab nan lalwa yo, sa yo tou reprezante anpil limitasyon pou koze sekre a.

Konsantman Ti moun nan ak paran yo

Si kèk fonksyonè tire kèk foto pou ti moun yo epi vle pibliye istwa yo, ti moun yo avèk moun k'ap gadò yo a dwe gen enfòmasyon yo epi bay konsantman yo avan ke sa fèt. Ti moun yo dwe resevwa tout enfòmasyon tou osijè de tout prewokipasyon oubyen pwosedi ofisyèl ki gen pou wè avèk yo. Sa pwoteje dwa yo epi pèmèt ke yo konnen ke fonksyonè MEDFDI yo enterese ak byennèt ak opinyon yo. Tout fwa si li posib, tout fòmilè konsantman yo dwe konplete ak siyen pa paran yo/gadò yo/gid yo kòm yon pati nan rejis la.

Edikasyon kominote a pou fini avèk abi kont TTA ak moun ki gen andikap yo.⁶

Fonksyonè yo pral tante pwoteje TTA ak moun ki gen andikap yo tou, epi evite ke genyen abi sou ti minè yo nan kominote nan kreyasyon yon konsyans a travè edikasyon kominote a. Sa dwe rive fèt nan yon fason ki sansib ak kilti lokal la. Youn nan bagay ki plis enpòtan yo ki pral bezwen etabli, se yon bon relasyon avèk fanmi yo ak TTA, epi toujou pare pou koute ak poze kesyon pandan ke n'ap obsève nivo sansiblite a. Li difisil pou ede pote yon chanjman si moun nan santi l menase, men, pa mwayen ekout, poze kesyon epi bay konsèy ki itil, moun nan ap plis aksepte chanje ak mwayen sekirite yo pou byennèt TTA. Nou ankouraje Legliz yo chèche epi/oubyen mande aksyon gouvènmantral yo pou pwoteksyon ti moun yo nan peyi kote ke sa pa egziste.



REKRITMAN FONKSYONÈ YO

Tout fonksyonè yo dwe genyen apwobasyon sipèvizè a epi dwe soumèt yo ak pwosesis filtrasyon ki apwopriye. Tout fonksyonè yo dwe fè yon entèvyou ki byen fòmèl, kote ke atravè li menm :

- Lidèchip ministè a/pwogram nan pral sibi verifikasyon antesedan yo atravè plizyè referans ak anpil lòt sous. Sa kapab genyen ladan li yon referans de karaktè de yon pastè oubyen lòt sous ki konfyab ak yon referans de konpetisyon de yon patwon anteryè (volontè yo pral bezwen yon referans de karaktè).
- Apwobasyon yo dwe genyen yon bon fondman.
- Genyen plizyè apwobasyon ki dwe fèt sou antesedan penal yo tout fwa si sa posib.
- Dwe gen anpil eksplikasyon osijè de kondisyon ak responsablite travay yo.
- Y'ap eksplike tout pwosesis pwoteksyon ti moun yo ak nesite kapasitasyon ak sipèvizyon ak aktyalite ki gen pou wè.
- Fonksyonè yo dwe li, konprann epi angaje yo a règleman Pwoteksyon Ti moun yo.
- Fonksyonè yo pral siyen fòmilè angajman an pou swiv Règleman Pwoteksyon pou Ti moun ak Kòd Kondwit MEDFDI la.
- Yo dwe mande fonksyonè yo si yon fwa yo te patisipe nan, oubyen te akize pou kèk zak abi oubyen akizasyon de TTA ak moun ki gen andikap. Si repons lan se wi, dwe genyen yon dyalòg byen pwofon ki antame an referans ak dosye si la a. Sipèvizè a pral fè pati de dyalòg yo epi pran desizyon final la konsènan kontra a.

Se pral yon obligasyon tou pou genyen kèk kou pou fè revizyon nan fason ke lidèchip rejyonal oubyen lokal la detèmine sa an referans ak Règleman sou Pwoteksyon Ti moun. MEDFDI pral fè yon seyans de fòmasyon pou tout travayè yo epi bay yon kopi “Règleman sou Pwoteksyon Ti moun” pou etid pèsònèl.

Atansyon ki dwe konsidere nan fè entèvyou ak Nouvo Kandida yo:¹

- Prezantasyon ki vrèman gen afeksyon oubyen avèk yon dezi pou fè plezi
- Konsève yon bon nivo nan kominikasyon ak ekout
- Plizyè kesyon/ kòmantè ki pa apwopriye osijè de TTA ak moun ki gen andikap yo.
- Enterè pou mete tan disponib pou pase avèk TTA oubyen moun ki gen andikap yo.
- Demand pou travay avèk yon gwoup ki gen laj ak sèks an patikilye
- Anpil dezi pou fè foto ansanm avèk TTA oubyen moun ki gen andikap yo.
- Anpil ti vwayaj ki gen destinasyon touristik sou sèks ti moun.
- Kandida a pa dwe gade moun nan zye lè l'ap reponn kesyon yo.
- Byen souvan, kandida a pap santi li twò timid ak boulvèse.
- Nenpòt lòt konpòtman oubyen kòmantè sispèk oubyen nwizan
- Kandida a pa pare pou l ofri enfòmasyon ki kritik.
- Kandida a ap santi li mal alèz oubyen timid fas ak kesyon ki espesifik yo.
- Kandida a ap refize ofri referans oubyen moun pou nou kontakte pou li nan yon tan ki detèmine.
- Li pap konsyan de yon verifikasyon sètifika bon lavi ak abitud.
- Li pa konsyan si yo pran anpwent dijital li yo.

Prezans kèk nan siyal sa yo pa dwe endike tò, men pito l'ap montre konbyen li nesèsè pou genyen yon pi bon atansyon. Li posib pou ke genyen plis siyal ki egzije ki pa twouve yo nan lis sa, epi moun k'ap fè entèvyou a dwe prete atansyon a nenpòt siyal sispèk ke kandida a montre pandan pwosesis entèvyou a.



KÒD KONDWIT LA

Tout ouvriye yo dwe swiv menm kòd kondwit la.

Fonksyonè yo gen pou devwa pou ke yo :

- Konnen ak etidye Kòd Kondwit la.
- Revele kòrèkteman nenpòt kalite enfòmasyon sekre nan ka kote genyen risk kont kèk TTA, ak moun ki gen andikap yo oubyen lòt moun tou.
- Evite tout sitiyasyon ki kapab mete yo oubyen nenpòt TTA oubyen moun ki gen andikap an risk.
- Planifye ak òganize devwa ak espas travay yo pou diminye tout risk kont fonksyonè ak ti moun yo.
- Toujou travay nan espas ki dekouvè pou evite sitiyasyon prive oubyen ke moun pa kapab obsève.
- Konsève yon kominikasyon ki ouvè ak responsablite fas ak lòt travayè yo, yon fason pou ke nenpòt dosye oubyen prewokipasyon kapab abode epi diskite lib elibè.
- Pale avèk ti moun yo osijè de kontak yo avèk fonksyonè yo oubyen lòt moun, pandan w'ap ankouraje yo pataje nenpòt enkyetid ke yo ta genyen.
- Edike ti moun yo osijè de dwa ke yo genyen, ki se yon bagay ki akseptab epi ki pa akseptab, menm jan ak sa ke yo dwe fè si yon pwoblèm ta vin rive.
- Abòde tout moun yo avèk respè e diyite.
- Toujou bay priyorite ak nesosite ak byennèt nan favè TTA ak moun ki gen andikap yo.
- Pratike anpil diskresyon sou kòman ke youn dwe konpòte li anvè lòt.
- Konstwi anpil relasyon ki ekilibre ki baze sou yon konfyans ant youn avèk lòt, nan onètete ak senserite.
- Fè gwo efò pou ke nou sèvi kòm model youn pou lòt, avèk TTA epi avèk moun ki gen andikap yo, ak kominote a.
- Konpòte nou devan tout fonksyonè ak ti moun yo avèk respè, ni nan zafè kilti tankou sosyalman pandan tout fonksyon ak evènman fòmasyon k'ap fèt andeyò de espas ki abityèl yo.

Fonksyonè yo pa dwe:

- Fè wont, imilye, meprize oubyen degrade TTA oubyen moun ki gen andikap yo pa eksprè oubyen koze nenpòt lòt kalite abi emosyonèl oubyen entèlektyèl.
- Diskriminen oubyen montre favè anvè TTA oubyen moun ki gen andikap yo, an patikilye, nan ekskli lòt yo.
- Menen TTA oubyen moun ki gen andikap yo nan yon espas pou kont yo oubyen ki fè nwa.
- Mennen TTA oubyen moun ki gen andikap yo lakay nou san konpany menm yon sèl moun nan yon machine.
- Vizite yon TTA oubyen moun ki gen andikap, pandan ke li rete lakay pou kont li.
- Pase nwit la avèk nenpòt TTA nan kay kèk fanmi, nan legliz la oubyen nenpòt lòt kote.



- Mennen TTA oubyen moun ki gen andikap la lakay fonksyonè a, espesyalman san pap genyen lòt moun la.
- Itilize nenpòt kalite langaj ki pa apwopriye avèk nenpòt TTA, moun ki gen andikap, oubyen fonksyonè.
- Demontre yon atitid de dominasyon sou ti moun yo oubyen anpil lòt fonksyonè yo.
- Patisipe avèk TTA nan konpòtman ilegal, san asirans oubyen avèk abi.
- Manyen nenpòt TTA oubyen moun ki gen adikap nan move fason oubyen tante antre nan relasyon seksyèl avèk nenpòt nan mitan yo.
- Afiche yon konpòtman ki pa apwopriye oubyen ki pwovoke moun seksyèlman.
- Devlope gwo relasyon ak ti moun yo nan yon fason pou eksplwate ak fè yo abi.
- Frape oubyen maltrete TTA oubyen moun ki gen andikap la fizikman, oubyen fè nenpòt ki bagay ki ta kapab mete ti moun nan fas avèk risk pou gen abi.
- Tòtire oubyen menase nenpòt TTA oubyen moun ki gen andikap fizikman pou nenpòt rezon.
- Ankouraje TTA ki genyen pi piti pase 18 ane pou yo mare oubyen nenpòt lòt aktivite ki ta kapab deranje ti moun nan nan nenpòt fòm.

Fòm kontak fizik ki akseptab yo

Fòm kontak fizik ki akseptab yo gen ladan yo:

Aksyon pou evite domaj oubyen blesi anvan ti moun yo oubyen lòt moun

Si sa nesèsè pou ke genyen prevansyon nan favè TTA oubyen moun ki gen andikap yo, pou anpeche yo resevwa oubyen sibi blesi, pi piti lizay de fòs ak kontak ki nesèsè pou evite li ap akseptab epi kapab jwenn defans. Ensidan sa yo ap toujou kominike sipèvizè a epi sa dwe antre nan rejis tou.

Rekonfòte TTA oubyen moun ki gen andikap ki nan tristès yo

Fonksyonè yo ap gen dwa pou ke yo itilize pi bon kritè pwofesyonèl ak diskresyon nan sa ki gen pou wè avèk ki kalite rekonfò akseptab, deja ke sa pral depann de sikonstans yo, laj TTA oubyen avèk moun ki gen andikap la, gravite ak tout bagay ki kapab bay tristès ak tout mwayen altènativ pou bay rekonfò. Fonksyonè yo pral gen pou devwa konsidere kòman aksyon lòt moun yo pral afiche a ye, e si pa genyen okenn lòt moun la, asire w ke pa genyen okenn kontak ki pa apwopriye. Dwe genyen yon swen espesyal nan anpil sitiyasyon kote ki genyen menm ti moun nan nan menm bagay la toutan.

Kontak ki pa kapab evite

Pandan dewoulman kèk aktivite tankou jwèt epi nan jan ke kèk fòm fòmasyon gen dwa ap fèt, tout fonksyonè yo dwe prete atansyon ak posiblite ki genyen pou ke yon TTA, mal entèprete kontak fizik la. Demonstrasyon teknik altènativ yo ta kapab plis apwopriye pase modifikasyon teknik yon TTA oubyen moun ki genyen andikap la, atravè kontak fizik la plis patikilyèman. Jeneralman, kontak fizik la pap akseptab ant adolesan ak fonksyonè yo. Fonksyonè yo dwe laj ak tout enkyetid kòlèg li yo sou sa ki gen pou wè avèk kontak fizik la, epi pou ka ki gen pou wè avèk dout oubyen ensètitud, fonksyonè yo ap gen dwa pou ke yo chèche konsèy nan men sipèvizè yo.



Reyinyon prive yo

Fonksyonè yo gen pou devwa evite tout ansyen zòn espas minister a lè reyinyon an prive yo k'ap planifye avèk ti moun yo epi dwe asire yo ke pòt la rete ouvè oubyen rete an kontak vizyèl avèk lòt moun yo. Sou okenn sikonstans, dwe genyen reyinyon an prive ki pou òganize avèk TTA oubyen moun ki gen andikap yo andeyò enstalasyon ministè yo. Sa gen ladan li transpò ti moun yo nan yon fason ki endividyèl nan machin prive. Si sa pa posib pou reyini yo sou sikonstans ki etabli yo, fonksyonè yo dwe resevwa tout enfòmasyon osijè de reyinyon yo depi davans pou ke yo kapab la epi konsa diminye yon posib risk pandan tan sa.

Asistans pou TTA ak moun ki gen andikap nan twalèt la

- Nou mande pou paran yo/gadò yo/ gid yo mennen TTA ak moun ki andikape yo nan twalèt avan ke yo asiste klas la oubyen aktivite yo. Bagay sa dwe rive nan zòrèy paran yo/gadò yo/gid yo pandan tout ane a.
- Si sa posib, de gran moun dwe akonpanye gwoup ti moun yo al nan twalèt la. Si pa gen de gran moun ki disponib, y'ap chwazi yon obsèvatè ki pou bay sekirite (ki gen pou wè avèk sèks feminen) pou asistans li.
- Klas yo/gwoup yo dwe pran rekreyasyon ke yo ba yo a pou y'al nan twalèt.
- Si yon sèl ti moun vle al nan twalèt, li dwe akonpanye pa yon moun ki genyen sèks feminen. Fonksyonè yo dwe deyò twalèt la pou tann ti moun nan avan ke li akonpanye ti moun nan retounen nan sal klas la.
- Oken fonksyonè dwe retwouve li poukont li avèk TTA oubyen moun ki gen andikap nan yon twalèt san sipèvizyon epi li pa dwe janm rete tou sèl nan yon ti chanm avèk TTA oubyen moun avèk andikap, epi fèmen pòt la.
- Si TTA oubyen moun ki gen andikap la bezwen asistans, yon gran moun ap kapab antre nan twalèt la/ chanm nan sèlman si li genyen endikasyon sa yo:
 1. Yon dezyèm gran moun dwe la. Si sa pa posib, pale avèk yon lòt gran moun osijè de sitiyasyon an epi w'ap fè l konnen sa lè ke yon volontè soti avèk yon ti moun menm jan ak lè li retounen avèk li tou.
 2. Se sèlman medam yo ki dwe asiste ti fi ak ti gason nan twalèt la. Pliske pi fò nan moun k'ap fè abi yo ak fo akizasyon yo se sou mesye yo, li pridan pou ke mesye yo evite Mennen ti moun yo al nan twalèt.

Premye swen yo

Egzistans nenpòt kondisyon ki serye oubyen ki gen risk lanmò ladan li mande kontak fizik. Ouvriye ki pral gen pou administre premye swen yo ap bezwen asire yo ke lòt TTA, oubyen lòt gran moun prezan pou diminye risk move entèpretasyon kontak fizik la.

Nou ankouraje legliz yo pou ke yo fòme fonksyonè k'ap bay ti moun yo premye swen yo.



Definisyon, siyal ak Mit ki gen pou wè avèk abi.⁷

Kat Kalite Abi Prensipal

1. Abi fizik—lè yon moun koze domaj fizik ak yon TTA oubyen moun ki gen andikap.
2. Abi seksyèl—lè yon moun itilize yon TTA oubyen moun ki gen andikap, li menm ki kapab genyen ladan li anpil kòmantè seksyèl anvè ti moun nan.
3. Abi emosyonèl—lè yon moun konpòte li oubyen pale avèk TTA oubyen moun ki gen andikap la, yon fason ki koze blesi emosyonèl oubyen sikolojik.
4. Neglijans—lè yon gadò pa pote fwi pou yon TTA oubyen moun avèk andikap, malgre li kapab genyen tout resous ki apwopriye yo.


Siyal fizik ak konpòtman yo ki gen relasyon ak abi ti moun:

Kalite abi yo	Siyal fizik yo	Siyal sou konpòtman an
Abi fizik	Plizyè pansman oubyen mak nan plizyè etap gerizon oubyen nenpòt blese vizib ke ti moun nan prezante epi ki pa kapab eksplike atravè konpòtman oubyen devlopman ke moun ap tann nan.	Eksplikasyon sou yon blesi fizik enkonsyan ak yon blesi oubyen laj/devlopman TTA a.
	Anpil zo kase oubyen san eksplikasyon, espesyalman plizyè zo kòt kase, gwo domaj nan kràn oubyen nenpòt lòt blese nan tèt ki byen grav.	Plent pèsistan oubyen ki toujou repete de yon koz ki pa twò klè, tankou tèt fè mal oubyen vant fè mal.
	Blesi dantal sanzatann oubyen san eksplikasyon. Enkapasite pou kwè nan vitès y'ap atann nan bò kote yon ti moun ki montre ke li grangou epi ki anvi manje lè yo ofri l manje.	Paran oubyen gadò enfòm ke yon blesi siyifikativ TTA te aflije pwòp tèt li, oubyen bay enfo sou ti moun ki te blese anba men paran oubyen yon gadò.
	Boule oubyen blese avèk fòm objè ki te itilize pou komèt domaj la, tankou kout dan, plas boule yon dife sigarèt, plizyè mak bouk sentiwon, boule ki fèt ak dlo cho oubyen plizyè lòt likid ki cho.	Paran oubyen gadò a neglije chèche swen medical pou TTA oubyen moun ki gen andikap la.
Abi seksyèl	Doulè, pikotman, domaj oubyen san alantou pati jenital yo. Kilòt oubyen esklip tache oubyen sal avèk san.	Konesans oubyen konpòtman seksyèl ki biza, kache oubyen depase pou laj TTA, e menm nan demann pou ke lòt moun antre nan relasyon seksyèl, yo plase bouch yo kote ki gen ògàn seksyèl yo oubyen tante antre nan relasyon seksyèl.
	Venere maladi.	Ti moun nan bay rapò sou abi seksyèl ke li sibi anba men yon paran oubyen yon gran moun.
	Difikilte pou mache oubyen pou chita.	
	Sekresyon nan vajen oubyen kanal pipi yo.	



Abi fizik ak seksyèl la souvan kite plizyè mak nan kò TTA oubyen moun ki andikap la. ¹³ Moun k'ap pran swen ti moun yo byen souvan ap tante eskize blezi, pandan ke y'ap montre ke se rezilta plizyè aksidan ki nòmal ti moun konn toujou sibi. Men, genyen yon diferans ant blese ki pwodwi nan jwèt sovaj yo epi sa yo se siyal abi fizik ak seksyèl. Nou dwe aprann rekonèt diferans sa yo.

Imaj sa se yon ilustrasyon ki konpare plasman blese ki vrèman sanble ak abi fizik (dwat).



Abi emosyonèl	Devlopman fizik, emosyonèl oubyen entèlektyèl retade epi ki pa genyen okenn eksplikasyon.	Depresyon ak izòlman, sans de valè andikape .
	Abitid tankou souse dwèt san sès lè w gade pou laj li genyen ak etap devlopman li.	Konpòtman ekstrèm, menm si se agresif oubyen pasif; apati; anpil grimas ki san sans; konvèsasyon diminye ak lòt yo; lapèrèz; la krent jeneral; krent anvè paran oubyen gadò.
Neglijans	Grangou san sès, plenyen pou manje oubyen gonfliman nan manje anpil; fatig oubyen dezolasyon. Abitid fè ijyèn ensifizan. Cheve, po oubyen rad sal yo. Rad ki pa apwopriye.	Mank de sipèvizyon pandan plizyè period de tan ki byen long epi ki pa apwopriye pou laj oubyen etap devlopman TTA a.
	Move alimantasyon oubyen enkapasite pou pran matirite ki pa gen okenn koz maladi fizik.	
	Mize nan chèche atansyon pou pwoblèm fizik yo oubyen dantal yo.	
Nenpòt kalite abi	Enkapasite paran an oubyen moun k'ap pran swen ti moun nan kont abi kèk sibstans oubyen maladi fizik oubyen mantal.	Obeyisans oubyen dezobeyisans egzajere bò kote TTA oubyen moun ki genyen andikap la. Mank de chwa nan apwòchman zanmitay anvè gran moun yo. Bak nan devlopman an, menm jan ak tankou yon ti moun sispans al nan twalèt epi vin chikata. Pwoblèm somèy ak apeti. Depresyon. Konpòtman otodestriktif. Anpil lapèrèz ak/oubyen ki pa apwopriye.



PWOSEDI POU DENONSYASYON KÈK KA OUBYEN SIPOZISYON KÈK KA SOU ABI

Anpil responsablite òganize

Tout fonksyonè yo (avèk sale oubyen san sale) genyen kòm responsablite pou enfòm sipèvizè ki koresponn osijè de nenpòt enkyetid konsènan abi a. L'ap gen pou l reponn a tout sipozisyon ak akizasyon sou abi sou yon fòm rapid ki apwopriye selon règleman yo. Nan ka ke nenpòt akizasyon oubyen denonsyasyon sou anpil ensidan sou abi kont ti moun, òganizasyon an pral pran kèk mezi disipline sou yon fason ki imedyat avèk bon konprann, san patipri ak jistifikasyon reyalis pou rezoud pwoblèm nan.

Tout fonksyonè yo dwe konsyan sou aksyon ke yo dwe fè lè gen kèk aksyon ki sispèk osijè de abi kont ti moun yo, menm si se andedan espas ministè a, nan kay oubyen kote li ye a, fòk gen kominike ki soti byen rapid sou nenpòt akizasyon abi. Nenpòt akizasyon oubyen pwoblèm ki gen relasyon anvè pwoteksyon ti moun yo pral an sekre. MEDFDI asire tout fonksyonè ki pral sipòte ak byen pwoteje tout moun sa yo ki genyen bon lafwa pou kominike enkyetid yo osijè de yon moun ki ta kapab fè abi kont yon TTA oubyen moun avèk andikap yo.

Nan ka gen obsèvasyon oubyen sispèk abi kont TTA oubyen moun avèk andikap:

Dirèkteman, sipèvizè a dwe resevwa tout enfòmasyon sou tout ensidan oubyen sipozisyon osijè de tout abi yo, sof si sipèvizè a fè pati de sitiyasyon an. Paran yo/ moun k'ap travay ak ti moun yo/ gid ti moun yo tou dwe resevwa enfòmasyon an byen rapid, sof si yon paran/gadò/gid la fè pati de abi a.

Si sipèvizè a fè pati de sitiyasyon an oubyen si gen sipozisyon ke sipèvizè a fè pati pwoblèm nan oubyen anpèchman ak yon aksyon ki imedyat, dosye sa dwe rive nan nivo administrasyon an (Pastè). Si genyen anpil dout/ prewokipasyon sou sa ki gen pou wè avèk manipilasyon dosye oubyen si genyen kèk prewokipasyon adisyonèl, Sipèntandan Distrital la dwe resevwa kontak.

Jan ke sa te deklare avan, **MEDFDI asire li ke tout fonksyonè yo pral santi yo sipòte e pwoteje lè li ekprime enkyetid li yo avèk bon lafwa osijè de yon moun ki tonbe anba sispèk abi kont TTA oubyen moun avèk andikap.**

Si yon fonksyonè konsidere ke aksyon li yo te mal entèprete kòm abizif oubyen pa apwopriye:

- 1) Ensidan dwe deklare epi dwe prezante yon rapò ekri sou ensidan devan sipèvizè a pi vit ke posib, imedyatman aprè sa fin pase.
- 2) Sipèvizè a dwe fè aksyon ki apwopriye avèk fonksyonè ki prezante rapò a pou klarifye nenpòt konfizyon fas ak TTA.
- 3) Sa mande pou direktè k'ap sibi sitiyasyon ki sanble yo konsilte Pastè a.



Fonksyonè yo pral anchaje yo de tout akizasyon sou abi kont ti moun dapre pwosesis sa.

1. Lidèchip ministè/ pwogram nan pral fè yon rechèch imedyatman sou detay ensidan an oubyen sitiyaasyon pou determine si genyen sipozisyon rezonab sou abi kont ti moun. Moun ki akize a pap gen dwa patisipe kòm youn nan moun k'ap fè investigasyon yo.
2. Apre detèminasyon sipozisyon rezonab sou kesyon abi sou ti moun nan fin fèt, kapab genyen twa kalite investigasyon:
 - Investigasyon kriminel ki genyen tout otorite lokal yo
 - Investigasyon sou pwoteksyon ti moun yo
 - Investigasyon disiplin oubyen mank de kondwit
3. Y'ap entèdi nenpòt fonksyonè ki akize antre nan espas ministè a oubyen antre nan kontak avèk TTA oubyen moun ki gen andikap yo, jiskaske investigasyon an fin konplete. Si moun ki akize a se yon fonksyonè ki resevwa lajan, l'ap gen pou l resevwa sanksyon avèk lisans administratif peye.
4. Dwe gen rapò pou paran/ gadò/ gid ki sispèk yo lè sa nesese. Pèsonèl ministè a dwe deside pran swen ak pwoteje TTA oubyen moun ki gen andikap yo andedan kontèks kiltirèl ak sitiyaasyonèl li.
5. Nan ka kote ke genyen yon TTA ki blese pwòp tèt li, li dwe resevwa èd yon pwofesyonèl ki kalifye. Paran ti moun yo dwe resevwa enfòmasyon byen vit.
6. Se responsablite ministè a pou l rapòte otorite ki koresponn yo nenpòt sipozisyon byen vit sou abi yo.
7. Lidèchip la tou pral rapòte detay ensidan oubyen akizasyon yo byen vin bay distri a. Lidèchip distri a dwe rapòte ministè rejyonal la.
8. Tretman ki apwopriye pou TTA oubyen moun ki andikape, ki sibi abi a pral gen bagay sa yo:
 - Fonksyonè a pral ofri sekirite ak pwoteksyon ak TTA oubyen moun ki gen andikap, men li pap tante konseye nan plas kote ke li kalifye a.
 - Yo dwe pran desizyon ki nesese ki imedyat pou pwoteje TTA ki sibi abi a.
 - Okenn fonksyonè pap fòse TTA oubyen moun ki andikap la repete istwa ni ensiste pou ke yon ti moun pataje plis pase sa ke li deside rakonte.
 - TTA oubyen moun avèk andikap la dwe resevwa èd sikolojik ak sosyal ki apwopriye oubyen konsèy pwofesyonèl toutotan sa posib.
 - Nan ka ke se aksyon yon kriminel ki pa yon fonksyonè, yo dwe pran tout dispozisyon pou ke moun sa pa janm gen aksè oubyen kontak avèk TTA oubyen moun ki gen andikap yo.



Fonksyonè yo pral enkyete yo pou akizasyon abi ki pa legal yo konfòm ak pwosesis sa yo.

- 1) Lidè ministè/pwogram nan gen pou devwa fè investigasyon imedya sou tout detay sou ensidan oubyen sitiyasyon pou detèmine si gen egzistans sipozisyon rezonab sou abi kont pwochen yo.
- 2) Aprè fin gen prè v ke te gen abi kont pwochen yo, ap kapab genyen de kalite investigasyon :
 - Investigasyon sou pwoteksyon ti moun
 - Si se nesèsè, ap genyen yon investigasyon k'ap gen plizyè reprezantan lalwa nan lokal la.
- 3) Tou de TTA yo dwe separe de lòt ti moun yo pou yo kapab kouvri detay yo osijè de sa ki te pase a, ak paran yo/ moun k'ap gadò ti moun yo/ gid yo dwe resevwa enfòmasyon yo imedyatman.
Si TTA akize epi twouve li koupab de abi kont pwochen yo (parèy), direksyon ministè a dwe detèmine pi bon desizyon pou yo pran avèk tou de ti moun yo, kapab genyen plizyè nivo gravite ofans yo, menm jan avèk plizyè nivo konpreyansyon ant ti moun yo. Si nou jwenn ke prezans TTA ki akize a kapab koze risk pou lòt ti moun yo, y'ap entèdi ti moun sa patisipe nan pwogram ministè a nèt.
- 4) Se responsablite direksyon an pou ke li bay rapò byen vit osijè de abi a bay otorite ki koresponn yo tout fwa ke sa apwopriye.
- 5) Byen rapid, direksyon an dwe enfòmè detay ensidan oubyen sitiyasyon an bay komisyon distri a. Komisyon distri a dwe bay rapò sou lidèchip rejyon an.
- 6) Tretman apwopriye TTA oubyen moun avèk andikap, sibi abi oubyen zak abizif pral genyen sa yo ladan li:
 - Fonksyonè a pral ofri sekirite ak pwoteksyon ak TTA oubyen moun ki gen andikap, men li pap tante konseye nan plas kote ke li kalifye a.
 - Yo dwe pran desizyon ki nesèsè ki imedyat pou pwoteje TTA oubyen moun ki gen andikap, ki sibi abi.
 - Okenn fonksyonè pap fòse TTA oubyen moun ki andikap la repete istwa ni ensiste pou ke yon ti moun pataje plis pase sa ke li deside rakonte.
 - Ti moun nan dwe resevwa èd sikolojik ak sosyal ki apwopriye oubyen konsèy pwofesyonèl tout fwa sa posib.



Fòmil pou dialoge ak ti TTA ki rapòte abi a*

Nan sitiwayon abi yo, li enpòtan pou yo koute ak rejistre tout detay ke TTA oubyen moun ki andikape a rapòte bay otorite ki kòresponn yo. Lè n'ap koute yon TTA, li enpòtan pou nou fè bagay sa yo:

- Aksepte sa ke TTA di ou—sa demontre ke ou kwè nan ti moun nan.
- Rete byen trankil.
- Pa antre nan panik.
- Gade epi koute TTA pandan toutan ke l'ap pale avèk ou.
- Pa montre w etone.
- Fè l konnen ke w gen pou w rakonte yon lòt moun sa.
- Fè l konnen ke se pa li menm ki lakoz abi a.
- Pa poze kesyon drastik (ki kapab reponn pa “wi” oubyen pa “non” nan fè sipozisyon osijè de sa ki te pase a, san pèmèt ke ti moun nan eksplike sa ki te pase a ak pwòp mo pa w yo), tankou pa egzanp, “èske gen yon moun k'ap abize w seksyèlman?”
- PA janm dwe genyen presyon pou resevwa enfòmasyon.
- Asire w ant sa ke TTA di efektivman ak sa ke w'ap fè tèt ou responsab, déjà ke li enpòtan pou ke nou tèt la pi pran nòt sèlman sou sa ke TTA di.
- Pa pèmèt ke okenn dout fè w pa kapab fè rapò sou abi ki pwodwi.
- Fè TTA konnen sa ke w'ap fè aprè epi w'ap fè l konnen.

Nan koute yon TTA k'ap rapòte yon abi, li enpòtan tou pou w konnen sa w dwe di ak sa w pa dwe di.

Men bagay ke nou di :

- “Mwen kwè ou”.
- “M'ap tante ede w”.
- “Mwen byen kontan dèske w di m sa”.
- “Se pa fòt ou”.

Men bagay ke nou pa dwe di :

- “Ou te dwe di yon moun sa depi avan”.
- “Mwen vrèman siprann!”.
- “Non, mwen pa kwè ke se li menm!”
- “Mwen pap di pèsòn moun sa”.
- “Pou kisa? Kòman? Kilè? Ki kote? Ki moun?”

Aprè ke abi a fin rapòte epi ti moun yo fin retounen nan yon anviwònman ki asire, **li enpòtan pou bay ti moun ki sibi abi yo atansyon ak sipò, menm konsèy pwofesyonèl toutan ke sa posib.** TTA yo oubyen moun ki gen andikap yo kontinye santi efè abi ke yo te sibi depi yon bon bout tan, epi sèlman deplase yo de sitiwayon an pa toujou rezoud pwoblèm yo.



Lè ke yon akizasyon/sitiyasyon parèt vrè oubyen trè pwobab:

- 1) Yo dwe rapòte tout detay konsènan abi a konfòm ak konsèy ki dekri anlè a.
- 2) Fonksyonè ki konfime kòm moun ki abi a dwe revoke epi yo pa dwe janm pèmèt li retounen vin okipe yon plas lidèchip, konfyans oubyen ministè nan Legliz Nazareyen, selon atik 540.9 nan Manyèl la.
- 3) Si sa posib, y'ap founi tretman pou, ak repantans fonksoyè ki komèt zak la. Se pandan, yo pa dwe janm tounen fè kontra avèk li pou travay avèk TTA oubyen moun ki gen andikap yo.
- 4) Direksyon MEDFDI ak Legliz la yo dwe fè investigasyon tankou pou evite kalite ensidan sa yo nan lavni epi ajiste règleman ak fòmasyon pou pwoteksyon ti moun piti yo.
- 5) Komisyon MEDFDI la dwe konnen estanda pou rapòte abi nan vil ak peyi a tou kote abi a te fèt la epi swiv etap sa yo jan ke sa dwe ye.
- 6) Òganizasyon an dwe rezève dwa pou konsève rejis tout akizasyon oubyen abi kont TTA, oubyen moun ki gen andikap yo, menm si sa konfime oubyen non, konsa, tankou nenpòt mezi disiplinè ki pran kont yon travayè.



DEKLARASYON PÈSONÈL SOU ANGAJMAN AN

Ministè Lekòl Dominikal ak Ansèyman Disip (MEDFDI) la pap tolere abi kont ti fi, ti gason ak moun ki gen andikap yo bò kote okenn moun, l'ap sipòte tout moun sa yo ki vle pwoteje yo de sitiasyon ki mete yo fas avèk risk epi ki angaje yo avèk kreyasyon epi konsève yon anviwònman ki pi bon pou yo. Se poutèt sa:

- Tout ti moun yo gen dwa pou yo lib de tout abi.
- Tout moun ki gen pou wè avèk TTA (fonksyonè, lidè, volontè, sipèvizè yo), pral pran responsablite angajman sa ak règleman Pwoteksyon pou Ti moun yo.

Non fonksyonè a : _____

Pozisyon : _____

Mwen deklare :

1. M'ap aksepte ministè a ak lòd sipèvizè mwen an.
2. M'ap swiv tout pwosedi ki dekri nan Règleman Pwoteksyon Ti moun MEDFDI yo.
3. Mwen pa wè mwen menm ki pral tonbe nan, akizasyon, oubyen kondannasyon pou nenpòt abi fizik oubyen seksyèl kont ti fi yo, ti gason yo, adolesan yo (TTA), oubyen moun ki gen andikap yo.
4. Mwen konprann ke genyen yon rapò akizasyon ki fèt kont mwen, m'ap pran responsablite pou m kontinye swiv tout pwosedi yo ki nan Règleman Pwoteksyon pou Ti moun MEDFDI yo akòz de denonsyasyon oubyen sipozisyon abi a.

Dat: _____

Non ak sinyati Fonksyonè a

Non ak sinyati Pastè a

Non ak sinyati sipèvizè a

So ofisyèl ak dat

Deklarasyon Pèsonèl Angajman sa dwe siyen pa tout fonksyonè yo k'ap travay avèk TTA ak moun ki gen andikap yo, e menm volontè ak asistan yo. Fonksyonè a dwe resevwa yon kopi epi fòk original la tou siyen konsève nan espas ministè a.



DETAY SOU TI GASON/ TI GASON/ADOLESAN YO

NOTE: Ranpli fòm sa a lè w sèvi avèk yon òdinatè oswa ekri trè byen!

Nouvo Timoun _____ Mizajou _____

Non Ti moun nan konplèt: _____
Premye non Dezyèm non Siyati

Sèks Ti moun nan : Maskilen _____ Femenin _____

Dat ti moun nan fèt la : Mwa _____ Jou _____ Ane _____

Adrès: _____ Vil: _____

Nimewo Telefòn : _____ Adrès Elektwonik : _____

Degre Eskolè Ti moun nan : _____ Non Lekòl Ti moun nan: _____

Espò/ Enterè Ti moun nan : _____

Responsablite Fanmi Ti moun nan : _____

Aktivite Ti moun nan, nan Legliz la : _____

ENFÒMASYON FANMI AN

Non Papa a : _____ Okipasyon Papa a: _____

Non manman an : _____ Okipasyon manman an: _____

Nimewo Telefòn : _____ Adrès Elektwonik : _____

Non (yo)/ Laj (yo) Frè ak sè ti moun nan :

_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____

Enfòmasyon adisyonèl ki gen pou wè avèk fanmi, lekòl, legliz oubyen sitiasyon ekonomik ti moun nan :

_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____

Moun ki otorize pou al chèche ti moun nan: _____



FÒMILÈ--ENFÒMASYON SOU LASANTE

Non: _____

Laj: _____ Dat ou fèt la : / /

Èske li genyen kèk sèvis sante?? () Non () Wi Kisa? _____

Nimewo sekirite sosyal : _____ Validite / /

Enfòmasyon adisyonèl yo : _____

Kontak nan ka emèjans yo

Non: _____ Telefòn: _____

Non: _____ Telefòn: _____

ENFÒMASYON SOU LASANTE

Vaksen kont tetanòs? () Non () Wi Dat: ___ / ___ / _____

Andikap fizik ki egzije tretman espesyal () Non () Wi

Detaye andikap la : _____

Èske gen kèk tretman espesyal ke w'ap reyalize? () Non () Wi Kisa li ye? _____

Ou pran kèk medikaman? () Non () Wi Si se konsa, ki lès (s)? _____

Chak konbyen lè? _____

Èske w gen kèk alèji? () Non () Wi Si se konsa, ki sa? _____

Lè w gen alèji, ki medikaman w bezwen? _____

Èske w genyen kèk bagay w'ap evite? _____

OTORIZASYON

Nan ka kote ki genyen emèjans, mwen otorize lidè ti moun yo pran mezi ki nesèsè pou fè tretman. Mwen pran responsablite pèsonèl pou atitid mal palan ak vyolans, nan libere legliz ak lidè yo, sof nan relasyon ak enfòmasyon ki rejistre nan fòmilè sa.

Kote _____ Dat / /

Non _____ Sinyati _____



RAPÒ SOU ENSIDAN KI KRITIK YO

Dat Rapò a: _____

Non Ti moun nan : _____

Adrès: _____

Dat li fèt la : _____ Non paran yo : _____

Lè Ensidan an: _____ Dat Ensidan an: _____

Dekri sa ki te pase a (lè, kote, moun ki te fè entèvansyon yo), menm jan avèk nenpòt sikonstans ki kapab presipite ensidan an.

Rezilta/ Rezolisyon Evènman an :

Ki desizyon ki pran pou evite pwoblèm sa?

Prepare pa (non ak wòl) : _____


Rapòte pa (non ak wòl): _____



Referans yo

Nòt fondasyon an

1. www.Nazarenesafe.org
2. www.Tearfund.org
3. www.keepingchildrensafe.org
4. www.savethechildren.org
5. Compassion International. (2010). Child Protection Resource Curriculum: For Field Office and ICP Staff. Colorado Springs: Compassion International USA, 30-31.
6. Compassion International. (2010). Child Protection Resource Curriculum: For Field Office and ICP Staff. Colorado Springs: Compassion International USA, 18.
7. Compassion International. (2010). Child Protection Resource Curriculum: For Field Office and ICP Staff. Colorado Springs: Compassion International USA, 19.
8. Compassion International. (2010). Child Protection Resource Curriculum: For Field Office and ICP Staff. Colorado Springs: Compassion International USA, 99.
9. Compassion International. (2010). Child Protection Resource Curriculum: For Field Office and ICP Staff. Colorado Springs: Compassion International USA, 51-53.
10. Compassion International. (2010). Child Protection Resource Curriculum: For Field Office and ICP Staff. Colorado Springs: Compassion International USA, 47.
11. Compassion International. (2010). Child Protection Resource Curriculum: For Field Office and ICP Staff. Colorado Springs: Compassion International USA, 16.
12. Compassion International. (2010). Child Protection Resource Curriculum: For Field Office and ICP Staff. Colorado Springs: Compassion International USA, 116-117.
13. UNICEF. (2006). Child Protection Information Sheets.
14. UNICEF and Interparliamentary Union (2004). Child Protection: A Handbook for parliamentarians, No. 7.
15. IASC Operation Guidelines on the Protection of Persons in Situations of Natural Disasters (2011). The Brooking – Bern Project on Internal Displacement



**FÒMILÈ REJIS VOLONTÈ, LIDÈ AK
ANTRENÈ MINISTÈ YO:**

MINISTÈ: _____

DONE JENERAL YO

Non konplèt: _____

N0. Idantifikasyon an: _____

Dat moun nan fèt la: _____ Laj: _____

Telefòn yo: _____ Selilè: _____

Adrès: _____

Vil: _____ Depatman: _____

Peyi: _____

Depi kilè w'ap viv nan adrès sa? _____

ENFÒMASYON FAMILYAL

Eta sivil: __Marye __Separe __Divòse __Plase __Selibatè

Non madanm/Mari a: _____

Non ak laj ti moun yo :

_____	_____
_____	_____
_____	_____
_____	_____
_____	_____

Lèt moun ki rete lakay ou yo: _____



ENFÒMASYON LABORAL

Travay aktyèl: _____

Okipasyon: _____

Chèf imedyat la: _____

Telefòn : _____

Depi konbyen tan w'ap travay nan departman sa? _____

EDIKASYON

Eskolarite : _____

Kou oubyen fòmasyon yo: _____

LEGLIZ

Depi kilè w'ap asiste nan legliz sa? _____

Ministè ke w patisipe yo: _____

Batize: Wi () Non ()

Aksepte kòm manm: Wi () Non ()

Dekri relasyon w avèk Bondye ak disiplin espirityèl ou yo: _____



Ki moun ki te enfluyanse lavi ou? Poukisa / ki fason? _____

Ki motivasyon ke w genyen pou w antre nan ministè sa? _____

Èske w pare pou w respekte, akonpli ak apiye vizyon ak misyon ministè a kote w'ap mande pou w antre? _____

DEKLARASYON PÈSONÈL

Mwen deklare ke :

1. M'ap aksepte ministè ak lòd lidè m nan oubyen moun ki responsab ministè a.
2. M'ap kondwi tèt mwen konfòm ak tout règleman sou Pwoteksyon Ti moun yo ki etabli nan kongregasyon nou an.
3. Mwen pat janm tonbe nan, ni akize, oubyen kondane pa nenpòt ofans ki gen pou wè avèk abi fizik oubyen seksyèl sou ti gason yo, ti fi yo, adolesan oubyen moun ki gen andikap yo.
4. Mwen konprann ke genyen yon rapò akizasyon ki fèt kont mwen, m'ap pran responsablite pou m kontinye swiv tout pwosedi yo ki nan Règleman Pwoteksyon pou Timoun ki etabli nan kongregasyon nou an.

Sinyati: _____

Dat: _____

Non konplèt : _____

NO. Idantifikasyon: _____

❖ **Metè yon foto kopi dokiman idantifikasyon w avèk demonstrasyon absans sètifika bon lavi ak abidid ak lapolis yo nan fòmilè sa.**



REFERANS PÈSONÈL, NON FAMILYAL

Non: _____

Adrès: _____

Telefòn: _____ Relasyon : _____

Non: _____

Adrès: _____

Telefòn: _____ Relasyon : _____

Non: _____

Adrès: _____

Telefòn: _____ Relasyon : _____



RESOUS YO

1. PREMIYE SWEN YO NAN LANFANS LAN

1. <http://www.osh.or.jp/Emergencymedical/english.pdf>
2. <https://www.healthychildren.org/English/safety-prevention/at-home/Pages/First-Aid-Guide.aspx>

2. GID POU PARAN YO SOU SIT WÈB REZO SOSYAL YO

1. https://www.toshiba.eu/mcafee_safesocialnetworks/socialnetworking_EN.pdf
2. <https://heimdalsecurity.com/blog/internet-safety-for-kids-10-actionable-tips/>
3. <https://edu.gcfglobal.org/en/internetsafetyforkids/teaching-kids-about-internet-safety/1/>

3. EDIKASYON SEKSYÈL POU TI MOUN YO

1. https://www.stopitnow.org/sites/default/files/documents/files/prevent_child_sexual_abuse.pdf
2. <https://preventchildabuse.org/resource/preventing-child-sexual-abuse/>
3. <https://www.rainn.org/articles/how-can-i-protect-my-child-sexual-assault>
4. <https://childmind.org/article/10-ways-to-teach-your-child-the-skills-to-prevent-sexual-abuse/>
5. <https://fightchildabuse.org/>
6. <https://www.youtube.com/watch?v=0I2gVdBmA-s> (How to Talk with Kids About Sexual Abuse)

4. VIDEYO POU EVITE ABI SEKSYÈL KONT TI MOUN YO

1. Protect Yourself Rules - Grades K-3: <https://www.youtube.com/watch?v=b8R2g5QrDAw>
2. Protect Yourself Rules - Grades 4-6 : <https://www.youtube.com/watch?v=RteEiMNidYo>
3. Stop the secrets that hurt:
<https://www.youtube.com/playlist?list=PLQnG1xV-EAO1-WheNJg9YdHDNrfGkffNQ>
4. My Body Belongs To Me: <https://www.youtube.com/watch?v=a-5mdt9YN6I>
5. Staying Safe: A guide for teaching kids about personal safety and sexual abuse:
<https://www.youtube.com/watch?v=r2YKghZ4A9I>
6. Liv Tere a
https://www.youtube.com/watch?v=d6jlo2OFKXQ&list=PLZC90zPHXlcDvLI2FIQQs1z_UjnIsIKfN&index=10&t=26s
7. Liv Sebas la: <https://www.youtube.com/watch?v=fTOI9Lj-Jt4>
8. Bon règ yo pou evite abi seksyèl yo:
https://www.youtube.com/watch?v=NUu0wqfYcag&list=PLZC90zPHXlcDvLI2FIQQs1z_UjnIsIKfN&index=8&t=0s
9. Kanpay kont abi sou ti moun
10. https://www.youtube.com/watch?v=rmVi_z-0lIA